

# Rete An Sante Pandan Semès Prentan sa

18 Janvyè 2024

Chè kominote inivèsitè,

Nouvo semès la pote nouvo kòmansman, menm si n ap navige nan yon sezon kote gen anpil rim, grip, COVID-19 ak lòt maladi respiratwa. Sante n ak byennèt nou rete priyorite nou. Lè nou adopte mezi prevantif yo epi gen aksè ak resous kanpis la, nou youn ka sipòte lòt epi kenbe kominote nou an an sekirite ak an sante.

An konfòmite ak direktiv aktyèl konte, eta ak CDC yo, UMD (University of Maryland, Inivèsite Maryland) pa egzije elèv, pwofesè ak manm pèsònèl yo pou yo siyale rezilta tè COVID-19 ki pozitif yo ankò. Pandan siyalman an pa obligatwa ankò a, moun ki teste pozitif yo dwe swiv tout direktiv izolman yo, pami yo direktiv UMD pou izolman ki anplas yo.

Men kèk konsèy byennèt siplemantè pou nou swiv sezon ivè sa:

- **Rete ajou ak vaksen yo:** Pwoteje tèt ou kont grip ak COVID-19. Pran vaksen w kont grip la nan Sant Sante Inivèsitè a ak mizajou vaksen COVID-19 la nan yon famasi ki nan kominote w lan anvan w retounen sou kanpis la.
- **Koute kò w:** Ou pa santi w byen? Rete lakay ou, repoze w, swiv direktiv sante piblik ki an vigè yo, epi konsilte yon medsen si sa nesèsè. Sonje, yon entèvansyon byen bonè ka diminye dire maladi a epi anpeche pwopagasyon l bay lòt moun.
- **Anpeche pwopagasyon an:** Lavaj souvan men yo ak dlo epi savon, oswa itilizasyon dezenfektan pou men yo, se premye liy defans nou kont mikwòb. Pa bliye pou nou kouvri bouch nou ak nen nou lè n ap touse oswa estènen.

**Sant Sante Inivèsitè** a rete patnè ki devwe pou byennèt ou epi li la pou sipòte w lè l ofri:

- **Liy HEAL (GERIZON) Lan:** Tchat anliy, pa telefòn oswa pa mesaj tèks ak manm pèsònèl UHC yo oswa asistan vityèl nou an pou w jwenn repons pou kesyon w yo sou tè COVID yo, ekspozisyon oswa sentòm yo.

- **Randevou medikal:** Si w santi w pa byen, planifye yon vizit pou yon founisè swen medikal evalye w.
- **Pwomosyon sante ak sèvis byennèt:** Eksplòre opòtinite byennèt ki divès ak enklizif ki pèmèt ou atenn tout potansyèl ou, sòti nan konsiltasyon endividyèl ak edikatè sou zafè sante ak nitrisyonis yo, rive nan atelye ak edikasyon sou byennèt.

Rete an sante epi pòte nou byen,



Spyridon S. Marinopoulos, MD, MBA, FACP

Direktè, Sant Sante Inivèsité

Medsen Anchèf, Inivèsité Maryland

Li (Pwonon Maskilen)